QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASİ
STATISTIKA BASQARMASİ

# 2021- jıl yanvar-may ayları ushın Qaraqalpaqstan Respublikasında qurılıs jumısları

**Usı jıldıń yanvar-may aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında jámi 1613,4 mlrd. sumlıq qurılıs jumısları orınlanıp, ósim páti 2020- jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda 103,0 % ti quradı.**

## Qurılıs jumısları kólemi dúzilisi, % te




Qurılıs jumısları kólemi iri qurılıs kárxanaları, kishi kárxana hám mikrofirmalar hámde rásmiy bolmaǵan sektorlarda ámelge asırılǵan jumıslar quramı boyınsha qáliplesedi.

Ámelge asırılǵan qurılıs jumısları múlkshiliktiń mámleketlik formasındaǵı hám mámleketlik emes bolǵan kárxanaları quramı boyınsha bólinedi.




***Maǵlıwmat ushın:** Qurılıs jumısları kólemi bul – óz kúshi menen islengen qurılıs jumısları, jańa qurılıs, kapital ońlaw hámde basqa qurılıs jumısları nátiyjesi.*





## 2021- jıldıń yanvar-may aylarında iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları

*Usı jıldıń yanvar-may aylarında, jámi qurılıs jumısları kóleminiń quramına iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları 212,3 mlrd. sumdı quradı. Ósim páti 2020- jıl yanvar-may aylarına salıstırǵanda 136,9 % ke erisilgen bolıp, jámi qurılıs jumısları kólemindegi úlesi 2020- jıl yanvar-may aylarındaǵı kórsetkish dárejesinen 3,2 % punktke kóbeyip, 13,2 % ti quradı.*






***Maǵlıwmat ushın:*** ***Iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları kóleminiń eń kóp úlesi Qońırat rayonına (jámi qurılıs jumısları kóleminiń 55,0 % ti, yaki 2020- jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda ósim páti 167,7 %), Taqıyatas rayonına (jámi qurılıs jumısları kóleminiń 37,1 % i, yaki ósim páti 163,2 % ti ), Tórtkúl rayonına (jámi qurılıs jumısları úlesi 34,1 % ti, yaki ótken 2020- jıl yanvar-may aylarına salıstırǵanda ósim páti 56,2 màrtege kóp) tuwrı keldi.***








## Qurılıs jumısları ulıwma kóleminen kishi kárxana hám mikrofirmalardıń úlesi



Kishi kárxana hám mikrofirmalar tárepinen islengen qurılıs jumısları kólemi **2021**- jıldıń yanvar-may aylarında úlesi **74,4** % ti quradı, **2020-** jıldıń yanvar-may ayları kórsetkishine salıstırǵanda **4,2** % punktke kemeydi. Sonday aq, olardıń esabına tuwrı kelgen qurılıs jumısları kólemi **1200,1** mlrd. sum muǵdarında bolıp, ótken jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda ósim páti **98,2** % ke erisildi.

### Kishi kárxana hám mikrofirmalardıń úlesi, % te

**2020- jıl yanvar-may**

**78,6**

**74,4**

**2021- jıl yanvar-may**



***Maǵlıwmat ushın:*** *Usı esabat dáwirinde kishi kárxana hám mikrofirmalar tárepinen islengen qurılıs jumısları kóleminen eń joqarı kólem kórsetkishi Nókis qalası – 551,9 mlrd. sum yaki ulıwma kólemniń 88,9 % i,Moynaq rayonı - (112,9 mlrd. sum yoki 104,7 %), Tórtkúl (76,0 mlrd. sum yaki 87,1 %) hám Qońırat (61,3 mlrd. sum yaki 38,8 %) rayonlarına tuwrı keldi.*



## Qurılıs jumısları ulıwma kóleminen rásmiy bolmaǵan sektordıń úlesi

*Rásmiy bolmaǵan sektor esabına tuwrı kelgen qurılıs jumıslarınıń úlesi **12,4** % ti quradı, yaki **201,0** mlrd. sum muǵdarında esaplandı, ótken jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda ósim páti **106,5 %** ti quradı.*




## Múlkshiliktiń mámleketlik hám mámleketlik emes bolǵan mákemeler tárepinen islengen qurılıs jumısları úlesi, % te




Múlkshiliktiń mámleketlik mákemeleri tárepinen jámi **116,0** mlrd. sum qurılıs jumısları islendi. Múlkshiliktiń mámleketlik emes mákemeler tárepinen bolsa **1497,4** mlrd. sum qurılıs jumısları islenip, olardıń respublikadaǵı úlesi **7,2 %** ha'm **92,8 %** ti quradı.





## Qala hám rayonlar kesiminde qurılıs jumısları 2021- jıl yanvar-may



| | Qurılıs jumısları kólemi, mlrd. sum | Ósim páti, % te | úlesi % te |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | 1613,4 | 103,0 | 100,0 |
| Nókis qalası. | 620,8 | 105,7 | 38,5 |
| rayonlar: | | | |
| Ámiwdárya | 57,6 | 108,8 | 3,6 |
| Beruniy | 53,6 | 100,9 | 3,3 |
| Bozataw | 26,7 | 101,6 | 1,7 |
| Qaraózek | 28,2 | 101,9 | 1,7 |
| Kegeyli | 30,7 | 95,4 | 1,9 |
| Qońırat | 157,8 | 109,1 | 9,8 |
| Qanlıkól | 24,5 | 95,5 | 1,5 |
| Moynaq | 119,7 | 104,6 | 7,4 |
| Nókis | 63,1 | 87,3 | 3,9 |
| Taqıyatas | 72,7 | 110,3 | 4,5 |
| Taxtakópir | 32,8 | 97,0 | 2,0 |
| Tórtkúl | 134,0 | 107,9 | 8,3 |
| Xojeli | 46,0 | 71,9 | 2,9 |
| Shımbay | 36,9 | 105,8 | 2,3 |
| Shomanay | 32,2 | 103,0 | 2,0 |
| Ellikqala | 76,1 | 100,3 | 4,7 |



## Ulıwma kólemnen jańa qurılıs, rekonstruksiya, keńeytiriw, texnik qayta qurallandırıw jumısları úlesi

**67,8 %**

Islengen qurılıs jumıslarınıń úlken bólegi jańa qurılısqa jay hám imaratlar qurıw boyınsha jóneltirilgen. Jámi qurılıs jumıslarınıń **67,8** % ti, yaki **1093,7** mlrd. sum qurılıs jumısları ekonomikamızda jańa islep shıǵarıw quwatlıqları, turar-jay hám basqa sotsiallıq obyektlerin jaratiwǵa qaratılǵan.

Iri qurılıs kárxanaları boyınsha jańa qurılıs esabınan **103,7** mlrd. sum jumıslar islendi, yaki jámi iri qurılıs kárxanalarınıń jańa qurılıs jumıslarındaǵı úlesi **48,8** % ti quradı.

**48,8 %**

**66,7 %**

Kishi kárxana hám mikrofirmalar boyınsha jańa qurılıs esabınan **800,5** mlrd. sum, yaki jámi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń jańa qurılıs jumıslarındaǵı úlesi **66,7** % ti quradı.

Jańa qurılıs jumısları esabınan kólemi rásmiy bolmaǵan sektor **189,4** mlrd. sum, yaki olardıń úlesi **94,2** % ti quradı.

**94,2 %**

***Maǵlıwmat ushın: Jańa qurılıs*** *– jańa quwatlardı jaratıw maqsetinde jańa orınlarda ámelge asırılatuǵın tiykarǵı, járdemshi hám xizmet ko‘rsetiw maqsetleri ushın obyektler (jay hám imaratlar) kompleksin quriw.*



## Respublikada ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha qurılıs jumısları, úlesi % te



*úlesi, % te*

| 2020- jıl yanvar-may | | 2021- jıl yanvar-may |
|---|---|---|
| 64,6 | Jay hám imaratlardı quriw | 58,6 |
| 17,9 | Puxaralıq obyektlerin quriw | 21,7 |
| 17,5 | Qániygelestirilgen qurılıs jumısları | 19,7 |



***Maǵlıwmat ushın:*** *ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha qurılıs jumıslarınıń, tiykarǵı bólegi qurılıs, turar jay hám jasaw ushın mólsherlengen imarat quriw boyınsha ámelge asırılǵan qurılıs jumısları bolıp esaplanadı.*

# Jay hám imaratlardi quriw



Jay hám imaratlardı quriw boyınsha qurılıs jumısları quramında iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları úlesi **3,9 %** ti quradı, 2020- jıldıń yanvar-may ayları kórsetkishine salıstırǵanda **1,7 %** punktke kobeydi.

Usı xızmet túrinde kishi kárxana hám mikrofirmalar esesine tuwrı kelgen úles ótken jıl yanvar-may ayları kórsetkishine salıstırǵanda **5,3 %** punktke kemeyip, **74,8 %** ti quradı. Rásmiy bolmaǵan sektordıń usı xızmettegi úlesi ótken jıl yanvar-may aylardaǵı kórsetkishke salıstırǵanda **3,6 %** punktke kóbeydi, **21,3 %** ti quradı.









# Puxaralıq obyektlerin qurıw

Puxaralıq obyektlerin qurıw boyınsha iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları kóleminiń úlesi **22,3 %** ti quradı hám 2020- jıl yanvar-may aylardaǵı kórsetkishke salıstırǵanda **7,6** % punktke kemeydi.

Sonday aq, kishi kárxana hám mikrofirmalar úlesi **77,7 %** ti (**7,6 %** punktke kóbeygen) quradı.



*úlesi, % te*

**Iri qurılıs kárxanaları**




**Kishi kárxana hám mikrofirmalar**




2020- jıl yanvar-may | 2021- jıl yanvar-may



Qániygelestirilgen qurılıs jumısları quramında iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları kóleminiń úlesi 2020- jıldıń yanvar-may ayları kórsetkishine salıstırǵanda **12,5 %** punktke kóbeydi hám **30,7 %** ti quradı. Qalǵan **69,3 %** i kishi kárxana hám mikrofirmalar esesine tuwrı kelip, 2020- jıldıń yanvar-may aylarına salıstırǵanda **12,5 %** punktke kemeydi.







2020- jıl yanvar-may
2021- jıl yanvar-may





# Qala hám rayonlar kesiminde kárxanalar túrleri boyınsha qurılıs jumısları 2021- jıl yanvar-may

mlrd. sum

| | Qurılıs jumısları kólemi, mlrd. sum | sonnan: | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Iri qurılıs kárxanaları | Kishi kárxana hám mikrofirmalar | Rásmiy bolmaǵan sektor |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | 1613,4 | 212,3 | 1200,1 | 201,0 |
| Nókis qalası | 620,8 | 44,3 | 551,9 | 24,6 |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 57,6 | - | 29,5 | 28,1 |
| Beruniy | 53,6 | - | 29,5 | 24,1 |
| Bozataw | 26,7 | - | 26,1 | 0,6 |
| Qaraózek | 28,2 | 0,1 | 27,3 | 0,8 |
| Kegeyli | 30,7 | 3,8 | 16,7 | 10,2 |
| Qońırat | 157,8 | 86,8 | 61,3 | 9,7 |
| Qanlıkól | 24,5 | 0,1 | 16,6 | 7,8 |
| Moynaq | 119,7 | 1,5 | 112,9 | 5,3 |
| Nókis | 63,1 | 0,1 | 44,2 | 18,8 |
| Taqıyatas | 72,7 | 26,9 | 36,0 | 9,8 |
| Taxtakópir | 32,8 | - | 30,2 | 2,6 |
| Tórtkúl | 134,0 | 45,8 | 76,0 | 12,2 |
| Xojeli | 46,0 | 0,2 | 41,5 | 4,3 |
| Shımbay | 36,9 | - | 21,4 | 15,5 |
| Shomanay | 32,2 | 0,1 | 28,3 | 3,8 |
| Ellikqala | 76,1 | 2,5 | 50,7 | 22,9 |

# Qala hám rayonlar kesiminde islengen qurılıs jumıslarınıń respublikadaǵı úlesi




***Maǵlıwmat ushın:*** *Qurılıs jumısları kólemi boyınsha respublikadaǵi eń joqarı úleske kórsetkishine Nókis qalası - 38,5 %, Qońırat rayonı -9,8 %, Tórtkúl rayonı – 8,3 % hám Moynaq rayonı – 7,4 % ke tuwrı keldi.*




2021- jıl yanvar-may

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Statistika basqarması**

**Investitsiya ham qurılıs statistikası bólimi**

**Baylanıs telefonı:** ***(61) 224-92-14***
***(61)222-75-91***